



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DIS GAYAN GRAN PRI NAN KAD PWOGGRAM PRI POU TRANSPÒ PWÒP NEW YORK KI SE 85 MILYON DOLA A

*Pwojè inovatè, replikab pral redui polisyon lè ak elaji elektrifikasyon ak opsyon  
mobilite nan kominote defavorize yo atravè Eta New York*

*Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou  
diminye emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050*

Gouvènè Hochul te anonse jodi a dis prim pou gran pri a nan kad pwogram Pri Transpò Pwòp New York ki se 85 milyon dola pou amelyore transpò pwòp, amelyore opsyon mobilite ak redui emisyon danjere atravè solisyon inovasyon transpò. Pwojè replikab ki seleksyone yo ke Otorite Developman Enèji ak Rechèch Eta New York (New York State Energy and Research Development Authority, NYSERDA) an patenarya avèk Depatman Sèvis Piblik Eta New York (New York State Department of Public Service, NYSDPS) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York administre reprezante envestisman transfòmatè nan kominote defavorize yo atravè Eta New York. Anons sa a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) pou diminye emisyon gaz a efè sè yo nan 85 pousan disi 2050 epi pou omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo prale nan [kominote defavorize yo](#).

"Mwen fyè dèské m ap bay envestisman ki pi enpòtan jiskaprezan nan transpò pwòp pou kominote yo ki istorikman defavorize nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amelyore aksè nan opsyon mobilite pwòp, elektrisite kamyon ak otobis yo, ak sipòte pwojè ki diminye polisyon lè modènize fason rezidan yo ak vizitè yo jwenn aksè nan sèvis kominotè, lwazi, ak opòtinite travay pandan y ap kreye travay, amelyore sante, ak diminye enpak chanjman nan klima".

"Jodi a se yon viktwa pou envestisman prensipal New York yo nan solisyon ak modèl transpò pwòp modèn yo pou benefisyé kominote ki istorikman majinalize yo," **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Atravè pwogram Pri Transpò Pwòp la, gayan gwo pri yo te kreye pwojè vizyonè ki reflete opinyon kominote enpòtan yo pou konble mank ki genyen nan transpò, ede ankouraje djòb lokal nan enèji pwòp, epi redui polisyon nan zòn ki plis bezwen li yo".

Gouvènè Adjwen Delgado te fè anons la nan yon seremoni prim ki te fèt nan TWA Hotel nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy nan Queens, New York, apre yon evènman egzekitif ki dire yon jounen kote finalis yo te anonse nan kad [Premye Faz](#) nan pwogram nan ki prezante teknoloji dènye kri yo ak solisyon sèvis yo.

### **Gayan yo pou Gran Pri a se:**

Nan Dezyèm Faz pwogram nan, gran pri yo te totalize 82 milyon dola, ak yon lòt 3 milyon dola yo te bay 17 finalis nan premye faz pwogram nan an janvye 2022 pou amelyore pwopozisyon yo avèk konsèy planifikasyon pwofesyonèl ak kòmantè kominate a. Yo te soumèt apresa pwopozisyon ajou yo nan kad dezyèm faz pwogram nan epi yo te konsidere pou seleksyon gran pri.

### **Defi Katye Pwòp:**

Yo te bay twa gran pri 10 milyon dola yo chak pou pwojè ki abòde rediksyon polisyon lè sou gran echèl nan kominate defavorize yo.

### **Vil New York:**

- Pwogram Aksè nan Transpò Pwòp (Clean Transit Access Program, CTAP) - Elektrifye Bis NYC yo (Electrifying NYC Dollar Vans) ke Dollaride dirije
- Bronx ap respire: Bronx ap respire: Reyimajine yon Hunts Point ki pi pwòp (Bronx is Breathing: Reimagining a Cleaner Hunts Point) ke Volvo Technology of America dirjie

### **Lwès New York:**

- Santre Popilasyon, Lokal ak Règleman pou Avni sou Mobilite Pwòp nan Buffalo (Centering People, Place and Policy for Buffalo's Clean Mobility Future) ke Biwo Lwès New York Kòporasyon Sipò pou Inisyativ Lokal (Local Initiatives Support Corporation, LISC) dirije

### **Defi Mobilite Elektrik:**

Yo te bay kat gran pri 7 milyon dola yo chak pou pwojè yo ki demonstre opsyon mobilite elektrik ki rezoud bezwen kominate defavorize yo.

### **Long Island:**

- Ankouraje Transpò Dirab: Sèvis Mikwo-Transpò Elektrik nan Long Island (Electric Micro-Shuttle Services in Long Island) ke Circuit Transit Inc. dirije (atravè TFR Holdings Corp.)

### **Mid-Hudson:**

- Pwojè MOVER: Project MOVER: Pase nan gwo repwodiksyon mobilite elektwonik ak mikwo (Moving onto Vast E-Micro-mobility Replication) ke EIT InnoEnergy USA dirije

### Vil New York:

- Zòn Rechaj Red Hook (Red Hook Recharge Zone) ke Revel Transit dirije

### Southern Tier:

- Pwojè sou Ekite ak Aksè nan Transpò nan Konte Tompkins (Tompkins County Transportation Equity & Access Project) ke Tompkins Consolidated Area Transit dirije

### Defi Kamyon ak Bis Elektrik:

Yo te bay twa gran pri 8 milyon dola yo chak pou pwojè yo ki demonstre solisyon elektrifye oswa ranplasman veyikil elektrik mwayen ak lou.

### Mid-Hudson, Vil New York:

- Elektrifikasyon Transpò kòm yon Sèvis pou Transfòmasyon (Freight Electrification-as-a-Service for Transformation, FEAST) ke CALSTART dirije

### Vil New York:

- AkSELERE Deplwaman Bis ak Pil a Konbistib ak Enfrastrikti Idwojèn (Accelerating New York Fuel Cell Bus & Hydrogen Infrastructure Deployments) ke Krueger Transport dirije
- Elektrifye Bis Lekòl yo nan Bronx (Electrifying School Buses in the Bronx, ESBB) ke New York City School Bus Umbrella Services dirije

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA ak Ko-Prezidan Konsèy sou Aksyon Klimatik, te deklare,** "Nou fyè dèske nou fè patenarya ak ajans eta a, inovatè, ak sèvis publik yo pou sipòtè solisyon ki an premye pou simonte baryè transpò nan kominote defavorize yo. Solisyon replikab sa yo reprezante pi bon nan transpò inovatè epi mete aksan sou fason nou menm, antanke responsab pou aplikasyon politik, inovatè, ak patnè kominotè yo kapab travay ansanm pou ede ogmante opsyon transpò pwòp atravè Empire State".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima a, Basil Seggos, te deklare,** "Efò sible yo pou redui emisyon veyikil yo nan kominote ki gen yon enpak ki pa pwopòsyonèl pa polisyon an enpòtan pou kreye yon sektè transpò ki pi pwòp epi pwoteje sante publik. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, pwogram New York Pri Transpò Pwòp yo kontinye investi nan solisyon dirab ki satisfè bezwen fanmi yo nan kominote defavorize yo, fè avanse objektif anbisye eta nou an pou rediksyon gaz a efè sè ki dekri nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA), epi fè eta nou an avanse nan direksyon yon avni ki pi vèt ak pi an sante".

**Prezidan Komisyón Fonksyon Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li pou solisyon

transpò pwòp ak mobilite inovatè pou rezoud nesesite transpò presan kominote defavorize yo. Atravè kolaborasyon estratejik sa a, n ap akselere tranzisyo Eta a nan yon avni transpò pwòp lè nou deplwaye solisyon ekitab ki diminye emisyon kabòn yo, amelyore kalite lè, epi kreye kominote ki pi an sante pou tout Nouyòkè yo".

**Komisè Depatman Transpò Eta New York Ia, Marie Therese Dominguez, te deklare**, "Depatman Transpò Eta a fyè pou l sipòte ak fè patenarya pou mete an aplikasyon ajanda Gouvènè Hochul prensipal nan peyi a pou konbat chanjman klimatik ak objektif anbisye Lwa sou Lidèchip Klimaik ak Pwoteksyon Kominotè. Atravè inisyativ vizyonè tankou pwogram Pri Transpò Pwòp la, nou ka ankouraje mòd vwayaj ki pi ekolojik ki ede diminye emisyon veiykil yo, amelyore kalite lè a ak amelyore sante piblik ak kalite lavi nan kominote yo toupatou nan Eta New York".

**Direktè Egzekitif Otorite Enèji Long Island Ia, Thomas Falcone, te deklare**, "Otorite Enèji Long Island fyè pou l sipòte ajanda Gouvènè Hochul pou konbat chanjman klimatik lè li adrese transpò pwòp nan kominote defavorize yo atravè eta a. Lè nou envesti nan inisyativ sa yo, n ap kontinye ankouraje transpò dirab, ankouraje rediksyon kabòn nan yon sektè ki kontribye prèske yon tyè nan emisyon kabòn nan New York epi kreye kominote ki pi an sante pou fanmi atravè Long Island ak eta nou an".

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare**, "Pandan n ap kontinye aplike objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè, Eta New York ap mobilize pou fè fas ak enpak sistèm transpò yo genyen sou katye yo. Lè nou envesti nan transpò pwòp, n ap adrese dirèkteman youn nan pi gwo kontribitè nan emisyon ki chanje klima a pandan n ap asire Nouyòkè yo rete an mouvman. Sibvansyon sa yo pral sipòte ekonomi ak anviwònman nou an".

**Manm Asanble a Michael Cusick te deklare**, "Redui emisyon gaz a efè sè nan transpò ak jwenn solisyon inovatè pou ogmante efikasite enèji pwòp se sa ki nesesè pou atenn objektif CLCPA Eta New York yo. Mwen felisite gayan pwogram Pri Transpò Pwòp New York la pou lide kreyatif yo ak angajman yo anvè Eta New York pou ede asire yon anviwònman ki pi pwòp pou avni Eta nou an".

**Renae Reynolds, Direktè Egzekitif Tri-State Transportation Campaign, te deklare**, "Emisyon tiyo echapman yo se yon kontribitè prensipal nan maladi respiratwa ak lanmò twò bonè nan anpil kominote defavorize yo. Fè plis moun soti nan machin pou antre nan transpò piblik se fason ki pi efikas pou konbat polisyon nan lè a ak chanjman klimatik, epi li gen plis enpak toujou lè transpò piblik la elektrifye. Nou espere pwojè yo prezante jodi a pral mennen nou pi pre yon avni ki pi pwòp, ki pi dirab, epi nou felisite moun yo ki te pase nan pwochen faz la".

**Kathy Harris, Defansè Veyikil Pwòp ak Konbistib Konsèy pou Defans Resous Natirèl (Natural Resources Defense Council), te deklare**, "Sipò NYSERDA pou pwogram transpò pwòp yo pral ede non sèlman diminye emisyon transpò yo, men tou, li pral ede amelyore kalite lè a ak sante nan kominote ki twò chaje ak polisyon transpò.

Tranzisyon nan transpò zewo emisyon ak ogmantasyon opsyon mobilite pou Nouyòkè yo se yon estrateji kle pou amelyore kalite lè a ak kalite lavi nan kominote atravè eta a. Mwen espere wè New York kontinye fè avanse politik ak pwogram ki sipòte yon tranzisyon ekitab".

Yo pral ankouraje gayan yo pou gran pri a pou anboche yon bousye nan kad [Bous sou Jistik Klimatik](#) la lè aplikasyon yo ouvri nan fen ane sa a. Atravè pwogram sa a, yo ka anboche yon bousye aplentan ki soti nan kominote kote chak pwojè ap fèt oswa ki soti nan yon popilasyon priyoritè pou travay avèk gayan gran pri a. NYSERDA ak Laboratwa Enèji Renouvlab Nasional la pral sipòte efò sa a avèk NYSERDA ki bay finansman, dirèkteman oswa endirèkteman, pou alokasyon bousye yo ak NREL ki bay fòmasyon, materyèl edikatif, rechèch, ak lòt sipò.

NYSERDA ak gayan pri yo pral siveye aktivman pwojè yo pou mezire enpak yo an konparezon ak bezwen kominote a ak objektif Lwa sou Klima Eta New York pandan twa pwochen ane yo. Chak pwojè yo akòde, ak pwogram jeneral la pral evalye, epi rezulta yo pral pataje atravè rapò ak mizajou sou entènèt pou ankouraje avansman ak repwodiksyon modèl transpò inovatè yo.

Pwogram pri a finanse pa sèvis publik envestisè yo posede atravè pwogram 701 milyon dola EV Make Ready (Preparasyon Veyikil Elektrik) Eta New York pou ranfòse aksè nan estasyon rechaj yo, enfrastrikti veyikil elektrik ak lòt opsyon transpò pwòp, epi sipòte aksè ekitab ak benefis pou kominote ki pi ba nivo sosyal ak ekonomik yo epi ki defavorize yo. Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) te fè patenarya ak pwogram Pri Transpò Pwòp New York la pou finanse prim lan nan Long Island nan kad Defi Mobilite Elektrik la.

Pou plis enfòmasyon sou tout finalis pwogram nan, vizite sit entènèt [Pri Transpò Pwòp New York](#) la.

Envestisman 1 milya dola Eta New York nan elektrifye sektè transpò li a enpòtan anpil pou satisfè plan klimatik ak enèji pwòp global Eta New York la. Eta a, anba lidèchip Gouvènè Hochul, ap fè avanse rapidman mezi pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann yo gen zewo emisyon disi 2035, ansanm ak tout otobis lekòl yo dwe zewo emisyon menm ane a. Diminye emisyon kabòn ak polisyon nan veyikil yo kreye lè pi pwòp ak kominote ki pi an sante, patikilyèman nan zòn defavorize yo. Yon seri inisyativ ogmante aksè nan veyikil elektrik ak amelyore transpò publik pwòp pou tout Nouyòkè yo ki gne ladan EV Make Ready (Prepare Veyikil Elektrik), EVolve NY, Drive Clean Rebate (Rabè pou Kondui yon Fason Ekolojik), Pwogram Koupon Motivasyon pou Kamyon New York la (New York Truck Voucher Incentive Program, NYTVIP), Charge NY (Rechaje NY) ak finansman federal nan kad Pwogram Nasional Enfrastrikti pou Veyikil Elektrik.

### **Plan Klimatik Nasional Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda nasional sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye

travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisyé kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418